




Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Pangkalwan

Penulis : Dwi Winarno
Illustrator: Septama





Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Panakawan

Penulis : Dwi Winarno
Illustrator : Septama
Penerjemah: Dwi Winarno

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

PANAKAWAN

Penulis : Dwi Winarno

Ilustrator : Septama

Penerjemah : Dwi Winarno

Penyunting : Tarti Khusnul Khotimah

Penata letak: Septama

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-431-9 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Segoe UI.

ii, 40 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Piter, bocah sing lagi umuran sekolah dasar kuwi pancen beda saka kanca-kancane. Ana ing ngendi papan Piter mesthi nggawa gegodhongan piranti kanggo dolanan. Godhong-godhong kuwi diembakake kayadene wayang. Godhong banjur dijogedake lan uga diperangake. Sanadyan mung wujud godhong, dheweke anggone mayang wis manteb banget.

Kasenengane Piter dolanan wayang nganggo godhong kawiwitam sawise nonton wayang ing omahe tanggane. Nalika semana, tanggane ewuh mantu sing diramekake kanthi nanggap wayang kulit. Saiki yen kancane dolanan game lan lato-lato, Piter ora ngrewes. Sanadyan diming-imungi, dheweke ora kepincut. Saben Piter dolanan wayang saka godhong kancane dikongkon ndelok anggone ndhalang.

Piter, anak yang baru berusia sekolah dasar itu, memang berbeda dari teman-temannya. Ke mana pun Piter selalu membawa dedaunan untuk bermain. Dalam benak Piter daun-daun itu dianggap sebagai wayang. Kemudian daun itu diperagakan menari dan berperang. Meskipun hanya berupa daun, dia bersungguh-sungguh dalam memainkannya.

Kegemaran Piter bermain wayang dengan daun dimulai semenjak ia melihat pertunjukan wayang di rumah tetangganya. Waktu itu, tetangganya mengadakan pesta pernikahan dan dimeriahkan dengan menanggap wayang kulit. Kini, saat teman-temannya bermain game dan lato-lato, Piter tidak menghiraukan. Walaupun diiming-imungi, ia tidak tergoda. Setiap Piter bermain wayang menggunakan daun temannya disuruh menonton.

Sanadyan durung mangerti carane ndhalang sing tenanan, Piter wis manteb. Kanca-kancane uga seneng banget nonton Piter ndhalang, nganti njinggleng anggone nonton. Wayang satriya nganggo godhong sing cilik, wayang buta nganggo godhong sing gedhe. Saben adhegan perang wayang cilik mesthi kalah, sing dimenangake mesthi wayang gedhe.

Ngertine bocah-bocah kuwi wayang buta nggamarake kuwat lan ampuh. Wayang satriya, amarga cilik, dikirane ora rosa lan ora ampuh. Kahanan kaya mangkono amarga dhalang karo penontone padha dene ora ngertine.

Meskipun belum tahu cara mendalang yang benar, Piter sangat percaya diri. Teman-temannya juga senang sekali menyaksikan Piter mendalang, bahkan mereka sampai melongo. Wayang kesatria menggunakan daun yang kecil, wayang raksasa menggunakan daun yang lebar. Setiap adegan perang wayang kecil selalu kalah, yang dimenangkan wayang yang besar.

Setahu anak-anak wayang raksasa menggambarkan kuat dan sakti. Karena kecil, wayang kesatria dikiranya tidak kuat dan tidak sakti. Hal itu terjadi karena dalang dan penontonnya sama-sama tidak tahu.



Salah sawijining kanca sing cerak banget marang Piter jenenge Teguh. Dheweke kanca sakelas ana ing sekolahana uga kanca dolan ana ing omah.

“Piter, mbok olehe mayang ora ming nganggo godhong!” mangkono kandhane Teguh.

Krungu kandhane Teguh kang kaya mangkono, Piter mung meneng bae ora wangulan.

Sejatine Piter uga duwe pepenginan anggone dolanan nganggo wayang temenan. Nanging, banjur nganggo wayange sapa, wong nyatane dheweke ora duwe wayang.

Kamangka nek arep tuku, Piter ora duwe dhuwit. Wayang regane larang. Wayang kerdhus bae, wong tuwane ora kuwat numbaske.

Teguh banjur nuduhake gambar wayang sing lagi bae rampung anggone nggamar. Weruh gambar wayang sing digawe

Salah satu teman akrab Piter bernama Teguh. Ia teman sekelas Piter di sekolah dan juga teman bermain di rumah.

“Piter, coba bermain wayangnya jangan hanya menggunakan daun!” kata Teguh.

Mendengar kata Teguh seperti itu Piter hanya diam, tidak menjawab.

Piter sebenarnya juga berkeinginan bermain menggunakan wayang sungguhan. Lalu, menggunakan wayang siapa? Kenyataannya ia tidak punya wayang. Untuk membeli wayang Piter tidak punya uang. Wayang harganya mahal. Wayang dari kardus saja orang tuanya tidak mampu membelikannya.

Teguh kemudian menunjukkan gambar wayang yang baru selesai ia gambar. Melihat gambar wayang di buku Teguh, Piter senang sekali.

Teguh ana ing bukune,
Piter seneng banget.

“Apik iki, gene kowe bisa
nggambar wayang sing
apik kaya ngene, Guh.”

Wayang sing digambar
Teguh diwenehake Piter,
bungahe rasa atine Piter.

Sawise nampa gambar
wayang saka Teguh, Piter
banjur njupuk gunting.
Gambar wayang banjur
digunting pinggire dadi
ketok bentuke wayang.
Piter uga nyiapake alat
kanggo gawe gapit
wayang: pring, peso,
lan benang. Piter lan
Teguh tlaten anggone
gawe wayang saka kertas
gambar.

“Bagus ini, ternyata kamu
bisa membuat gambar
wayang sebagus ini, Guh.”

Gambar wayang yang
dibuat Teguh diberikan
kepada Piter. Gembiranya
hati Piter.

Setelah menerima
gambar dari Teguh, Piter
mengambil gunting.
Kemudian gambar wayang
digunting pada bagian
tepi sehingga terlihat
bentuk wayangnya. Piter
juga menyiapkan alat
untuk membuat gapit
wayang, yaitu bambu,
pisau, dan benang. Piter
dan Teguh telaten dalam
membuat wayang dari
kertas buku gambar.



Piter lan Teguh wis rampung anggone nggawe wayang. Nalika wayang dicekel lan garan gapite arep dicoba dening Piter, wayange katon kepleh. Weruh wayang sing kepleh, bocah loro, Piter lan Teguh, mung padha ngguyu.

“Iki piye, wayang, kok, kepleh? Hahaha ...,” kandhane Piter ngguyu nyekakak.

“Ngapa, he ..., kok, le dha ngguyu ngakak?” pitakone Widya, mbakayune Piter.

Sejatine Widya nggatekake adine wiwit mau saka njeron omah karo ngampet guyu. Weruh wayang sing kepleh, Widya banjur menehi iguh bahan kang bisa dianggo gawe wayang. Kerdhus tilas wadhah sing wis ora kanggo bisa digunakake kanggo nggawe wayang. Bahane uga kandel lan

Piter dan Teguh telah selesai membuat wayang. Ketika wayang dipegang gagang gapitnya oleh Piter, wayang itu terkulai. Melihat wayang yang terkulai, Piter dan Teguh tertawa.

“Gimana ini, wayang, kok, terkulai lemas? Hahaha ...,” kata Piter sambil tertawa.

“Ada apa, kok, kalian tertawa terbahak-bahak?” tanya Widya, kakak Piter.

Sebenarnya Widya memperhatikan adiknya sejak tadi dari dalam rumah sambil menahan tawa. Melihat wayang yang terkulai, kemudian Widya memberi saran bahan untuk membuat wayang. Kardus bekas yang sudah tidak dipakai bisa digunakan untuk membuat wayang. Bahannya tebal dan kaku. Piter kemudian mengambil tumpukan

kaku. Piter banjur njupuk kerdhus sing dituduhake mbakayune, kang ditumpuk ana pawon.

“Ndadak nggamar meneh iki, Guh,” Piter kandha marang Teguh.

Krungu kandhane Piter, Teguh kandha yen nggamar maneh mesthi suwe. Nalika nggamar sing wis dadi wae wayang ora sepisan dadi. Widya mrenggakake supaya wayang sing wis dadi diblatake bae ana ing kerdhus. Luwih gampang maneh menawa wayang dilem ana ing kerdhus, banjur kari nggunting.

Piter lan Teguh sarujuk karo iguhe Widya. Ora suwe wayang saka kardus wis dadi. Piter banjur nyoba wayange sing anyar iku. Teguh melu seneng lan mongkog, amarga anggone nggamar digawe wayang. Piter lan Teguh seneng bisa gawe wayang.

kardus yang ditunjukkan kakaknya di dapur.

“Harus menggambar lagi ini, Guh,” kata Piter kepada Teguh.

Mendengar kata Piter, Teguh berkata kalau harus menggambar lagi pasti lama. Ketika menggambar wayang yang sudah jadi saja tidak bisa sekali jadi. Widya menyarankan wayang yang sudah jadi dimalkan saja di kardus. Akan lebih mudah lagi kalau dilem di kardus kemudian tinggal digunting.

Piter dan Teguh sepakat dengan saran Widya. Tidak berselang lama wayang dari kardus sudah jadi. Piter kemudian mencoba wayang yang baru. Teguh ikut senang dan bangga karena hasil gambarnya dibuat wayang. Piter dan Teguh senang bisa membuat wayang.

Pawitan rasa seneng anjalari Piter nyinau wayang wiwit jeneng nganti critane. Saliyane sinau wulangan saka sekolah, Piter uga sinau saka internet. Kawiwitan anane wabah Covid-19 menehi wawasan bocah melek teknologi. Ana ing omah bocah tetep sinau migunakake sarana kemajuaning teknologi. Widya sing nuntun Piter menehi kawruh supaya adine ora gaptek.

Kanthy migunakake media sosial, Piter bisa dadi ngerti yen ing jagad maya kebak ngelmu. Piter bisa takon apa wae perkara wayang wiwit jeneng, crita, nganti silsilah. Kayata Gathotkaca, satriya Pringgondani, asma ramane Werkudara, asma ibune Dewi Arimbi. Gathotkaca gugur nalika perang Baratayuda, nalika mabur sandhuwure mega. Dheweke gugur kena pusakane Adipati Karna, senapati perange Kurawa.

Bermodal rasa senang, Piter mempelajari wayang, mulai dari nama-nama tokoh wayang hingga jalan ceritanya. Selain belajar di sekolah, Piter juga belajar dari internet. Wabah Covid-19 telah memberi wawasan kepada anak-anak untuk melek teknologi. Di rumah anak tetap belajar dengan sarana kemajuan teknologi. Widya membimbing Piter supaya adiknya tidak *gaptek*.

Lewat media sosial, Piter menjadi tahu bahwa banyak ilmu di dunia maya. Piter bisa bertanya apa saja tentang wayang, mulai dari nama, cerita, hingga silsilahnya. Seperti Gatotkaca, kesatria dari Pringgondani, ayahnya bernama Bima, ibunya bernama Dewi Arimbi. Gatotkaca gugur ketika perang Baratayuda, saat terbang di atas awan. Ia Gugur terkena pusaka Adipati Karna, senapati perang Kurawa.

Ing jagad maya Piter bisa ndelok pagelaran wayang sawayah-wayah. Yen lumrahe pagelaran wayang iku ing wayah bengi nganti tekan esuk. Saiki ndelok wayang ora kudu bengi kaya yen ndelok pagelaran langsung. Sing penting anggone ndelok ora ngepasi jam sekolah lan wektune sinau, supaya ora ngganggu pelajaran sekolah.

Bapak lan ibune Piter mbatesi wektu migunakake hp supaya bisa ngedum wektu. Kapan sinau, kapan srawung kanca, lan kapan mbantu gaweyan omah. Bapak ibune Piter pengin nandurake dhisipin supaya mbesuke bisa ngregani wektu. Ora ateges d

Di jagad maya Piter bisa melihat pergelaran wayang sewaktu-waktu. Kalau dulu, pentas wayang hanya bisa dilihat pada waktu malam hingga dini hari. Sekarang melihat wayang tidak harus malam hari seperti kalau melihat pertunjukan wayang secara langsung. Yang penting ketika menonton tidak pas jam sekolah sehingga tidak mengganggu pelajaran sekolah.

Ayah dan ibu Piter membatasi waktu Piter dalam menggunakan ponsel. Tujuannya agar ia bisa membagi waktu, kapan belajar, kapan bermain dengan teman, dan kapan membantu pekerjaan rumah. Ayah dan ibu Piter hendak menanamkan kedisiplinan supaya di kemudian hari Piter bisa menghargai waktu. Bukan berarti selalu diberi uang, tetapi bisa memilah mana yang penting.



Bapak lan ibune Piter anggone ora numbasake wayang mung pengin njajagi. Sepira gedhene Piter seneng wayang, temen apa ora. Piyambake uga mancing supaya Piter kreatif. Dolanan ora kudu tuku. Yen bisa nggawe, ngapa kudu tuku? Pancingane wong tuwane jebul mentesi, Piter pancen seneng temenan lan kreatif.

Wayahe sekolah Piter uga mangkat sekolah, wayahe sinau Piter uga ajeg sinau. Piter lekas mbiyantu gawean omah kanthi ajar ngumbah sepatu lan seragam sekolahe. Sanadyan seneng dolanan hp, Piter tetep bisa dolanan bareng karo kanca-kancane.

Anggone gawe wayang, Piter lan Teguh sangsaya apik lan wangun. Sakloron nganggo cara ngundhuh gambar saka internet banjur nycetak gambar pinangka mal.

Sebenarnya ayah dan ibu Piter tidak membelikan wayang hanya untuk menguji Piter. Mereka ingin tahu seberapa besar ketertarikan Piter pada wayang. Piter bersungguh-sungguh atau tidak. Mereka juga ingin memancing kreativitas Piter. Mainan tidak harus dibeli jika dapat dibuat sendiri. Pancingan orang tua Piter terbukti. Piter memang bersungguh-sungguh dan kreatif.

Waktunya ke sekolah Piter juga berangkat ke sekolah. Waktunya belajar Piter juga rutin belajar. Piter mulai membantu pekerjaan rumah dengan belajar mencuci sepatu dan seragam sekolahnya. Meski senang bermain ponsel, Piter tetap bermain bersama dengan teman-temannya. Wayang buatan Piter dan Teguh juga semakin bagus dan indah. Mereka mengunduh gambar dari internet dan mencetaknya sebagai mal.

Bapak ibune Piter ngajari supaya Piter dhisiplin lan tanggung jawab. Kanyata saka dhidhikane sing kaya mangkono bisa tumus becik. Piter dadi bocah sing sregep, ora wegahan, lan pinter srawung karo kanca. Piter uga ora lirwa sinau, malah klebu bocah sing kreatif. Dheweke duwe daya cipta lan kreasi sing luwih menawa didelok seka umure.

Kesenengan lan kemantepane Piter ana ing jagad wayang dadi kawigaten wong tuwane. Piter arep digolekake lan didhaptarake ana ing sanggar seni pedhalangan dening bapake. Tujuane supaya Piter bisa sinau padhalangan kanthi bener. Sawetara wektu anggone golek sanggar papan kanggo sinau dhalang durung entuk. Bapake Piter banjur kelingan manawa Parman, kanca sekolahe biyen, saiki dadi dhalang.

Ayah dan ibu Piter mengajari Piter agar disiplin dan bertanggung jawab. Dari hasil didikan seperti itu, terbukti Piter menjadi anak yang rajin, tidak malas, dan pandai bergaul. Piter juga tidak lalai dalam belajar, malah termasuk anak yang kreatif. Ia mempunyai daya cipta dan kreasi yang lebih jika dilihat dari umurnya.

Kesenangan dan kesungguhan Piter pada dunia wayang menjadi perhatian orang tuanya. Piter akan dicarikan dan didaftarkan di sanggar seni pedalangan oleh ayahnya. Tujuannya supaya Piter bisa belajar mendalang dengan benar. Selang beberapa waktu, ayah Piter belum juga mendapatkan sanggar untuk belajar mendalang. Akhirnya, ayah Piter teringat Parman, teman sekolahnya dulu, yang sekarang menjadi dalang.

Dina minggu, ngepasi prei sekolah, Piter diajak dolan ing daleme Pak Parman. Saka omahe Piter adohe udakara limang kilo meter. Sedyane anggone sowan ana daleme Pak Parman esuk, nanging ngepasi kerja bakti. Kepeksa anggone sowan diundur awan.

Piter wis ora jenak, ngrasakake suwe, nunggu bapakne bali saka kerja bakti. Dheweke kepengin gage-gage mangkat ana daleme Pak Parman sinau perkara wayang. Wiwit esuk Piter tumandang tugas ngumbah sepatu lan seragam sekolahe. Piter banjur adus, sawanci-wanci bapake kondur kerja bakti, dheweke wis siyap.

“Kula sampun siyap, lo, Pak,” Piter matur mangkono nalika bapake kondur saka kerja bakti.

Hari Minggu, bertepatan dengan libur sekolah, Piter diajak ayahnya pergi bermain ke rumah Pak Parman. Dari rumah Piter jaraknya kurang lebih lima kilo meter. Awalnya mereka akan berkunjung ke rumah Pak Parman pada pagi hari. Namun, waktunya bersamaan dengan kerja bakti. Terpaksa berkunjung ke rumah Pak Parman diundur pada siang harinya.

Piter gelisah menunggu ayahnya pulang dari kerja bakti. Waktu terasa begitu lama. Ia ingin cepat-cepat berangkat ke rumah Pak Parman untuk belajar wayang. Dari pagi Piter mengerjakan tugas mencuci sepatu dan seragam sekolahnya. Setelah itu, ia mandi dan bersiap-siap jika sewaktu-waktu ayahnya pulang dan mengajak pergi.

“Iya, Bapak tak siram dhisik,” semaure bapake sing lagi kondur.

Bapake Piter tumuju kolah saperlu siram supaya resik lan seger awake. Rampung tata-tata Piter lan bapake enggal mangkat tumuju daleme pak Parman.

Piter lan bapake tanpa cecala luwih dhisik yen arep sowan Pak Parman. Bejane Pak Parman ana ing dalem ora tindakan. Bapake Piter karo Pak Parman katon raket banget.

“Saya sudah siap dari tadi, lo, Pak,” kata Piter ketika melihat ayahnya pulang dari kerja bakti.

“Iya, Bapak mau mandi dulu,” jawab ayah Piter.

Ayah Piter kemudian menuju kamar mandi untuk membersihkan tubuhnya. Selesai berkemas, Piter dan ayahnya segera berangkat menuju rumah Pak Parman.

Ayah Piter tidak berkabar terlebih dahulu kepada Pak Parman sebelum datang ke rumahnya. Beruntung Pak Parman berada di rumah. Ayah Piter dan Pak Parman terlihat akrab sekali



Ana ing daleme Pak Parman, Piter mung kami tenggengen weruh wayang lan gamelan. Wayang kagungane Pak Parman apik-apik. Piter kepengin banget nyekel wayang kuwi, nanging wedi amarga dudu duweke dhewe. Wayange ana sing disimping lan ana sing lagi diisisake. Tujuane supaya wayang ora kepep sing marakake jamure ngrusak cat lan kulite.

Pak Parman pancer setiti anggone ngrawat wayang lan gamelan kagungane. Wayange ora gampang rusak, bisa kanggo makarya saben entuk tanggapan. Pak Parman sawijine dhalang kondhang ing Kulon Progo, kondhange disebut Ki Parman. Saliyane dhalang wayang kulit, Ki Parman uga dhalang wayang thengul. Wayang thengul utawa wayang golek kuwi wayang saka kayu sing bentuke kaya boneka.

Di rumah Pak Parman, Piter tertegun melihat wayang dan gamelan yang ada. Wayang milik Pak Parman bagus-bagus. Piter ingin sekali memegang wayang itu, tetapi takut karena bukan miliknya. Wayang-wayang itu ada yang ditancapkan berjajar disamping kelir, ada juga yang diangin-anginkan. Tujuannya agar wayang tidak lembab, yang dapat mengakibatkan jamur merusak cat dan kulitnya.

Pak Parman memang telaten merawat wayang dan gamelan miliknya. Wayang-wayangnya tidak mudah rusak sehingga bisa dipakai untuk bekerja saat mendapat tanggapan. Pak Parman adalah dalang kondang di Kulon Progo, panggilan kondangnya Ki Parman. Selain mendalang wayang kulit, Ki Parman juga mendalang wayang thengul. Wayang thengul

Saka anggone ndhalang,
Ki Parman bisa njajah
desa milang kori nganti
tekan mancanegara.

Ki Parman nepungake
budaya adiluhung
tinggalane para leluhur
sing isih diuri-uri. Akeh
wong mancanegara
seneng lan nyinau
kabudayan Jawa marga
kebak piwulang luhur.

Daleme Ki Parman
kanggo sinau ndhalang
lan karawitan bocah-
bocah. Saben Minggu esuk
mesthi keprungu swara
gamelan sing ditabuh
dening bocah-bocah.
Krungu critane Ki Parman
kang mangkono iku, Piter
sangsaya manteb.

atau wayang golek adalah
wayang yang terbuat dari
kayu berbentuk seperti
boneka.

Dari pekerjaannya
sebagai dalang, Ki Parman
bisa menjelajah dari
desa ke desa hingga ke
mancanegara. Ki Parman
memperkenalkan wayang
sebagai kebudayaan
adiluhung peninggalan
para leluhur yang harus
dilestarikan. Orang
mancanegara banyak yang
menyukai dan belajar
kebudayaan Jawa karena
penuh dengan ajaran
luhur.

Rumah Ki Parman menjadi
tempat belajar mendalang
dan karawitan bagi anak-
anak. Setiap Minggu
pagi selalu terdengar
suara gamelan yang
dimainkan oleh anak-
anak. Mendengar cerita
Ki Parman tersebut,
Piter tampak semakin
bersemangat.

“Wayang loro iki nek kowe milih tokoh wayang sing endi?” pitakone Ki Parman marang Piter karo nyekel wayang Arjuna karo Buta Raton.

“Lha, nggih, milih sik niki, wayange gedhe, warnane apik, mesthi ampuh menangan!” wangsulane Piter karo ngalem-alem wayang sing dipilih. Ki Parman lan bapake Piter mesem krungu katrangan sing luput.

Ki Parman banjur nerangake manawa Arjuna kuwi satriya pilih tandhing. Satriya sing tangguh, tanggap, tanggon, lan trengginas. Tangguh, yen perang ora tau kalah. Tanggap, cerdas ngerti marang kahanan. Tanggon, nduweni adeg-adeg anggone ngadhepi kahanan. Trengginas, limpat rosa sehat jiwa ragane.

“Dari dua wayang ini kamu pilih yang mana?” tanya Ki Parman kepada Piter sambil memegang wayang Arjuna dan wayang Raja Raksasa.

“Jelas pilih yang ini, wayangnya besar dan warnanya juga bagus, pasti sakti dan selalu menang,” Jawab Piter sambil memuji-muji wayang yang dipilihnya.

Ki Parman dan ayah Piter tersenyum mendengar penjelasan Piter yang keliru.

Ki Parman kemudian menjelaskan bahwa Arjuna adalah kesatria pilih tanding. Ia kesatria yang tangguh, tanggap, teguh, dan trengginas. *Tangguh* artinya kalau perang tidak pernah kalah. *Tanggap* artinya cerdas membaca situasi. *Teguh* artinya mempunyai pendirian dalam menghadapi keadaan. *Trengginas* artinya cekatan sehat jiwa raganya.

Satriya kuwi nggambarake laku utama kang nengenake kabecikan adhedhasar tatanan negara lan agama. Agama sing dianut pribadine dhewe-dhewe supaya tetep eling lan manembah marang Gusti. Mula, Arjuna kuwi digambarake solah bawa lan wicarane alus.

Dene buta kuwi nggambare laku sing ala. Wujude gedhe, mripat mendholo, untune gedhe-gedhe, duwe siyung, lan rambute gimbal dawa. Yen omongan, seru kaya wong nesu nggetak-nggetak, pengin menange dhewe. Sandhangan sing dianggo uga kurang pas, malah pating srempong.

Kesatria itu menggambarkan perilaku baik yang mengutamakan kebaikan dengan dasar aturan negara dan agama. Aturan agama mengingatkan agar orang selalu ingat dan menyembah kepada Tuhan Sang Pencipta. Oleh karena itu, Arjuna digambarkan sebagai sosok yang perilaku dan bicaranya halus.

Sementara raksasa itu menggambarkan perilaku buruk. Wujudnya besar, matanya terbelalak, giginya besar-besar, bertaring, dan berrambut gimbal panjang. Kalau berbicara, suaranya keras seperti orang yang sedang membentak-bentak dan ingin menang sendiri. Pakaian yang dikenakan ber-slawir-an, tidak rapi.



“Woo... dadi kula klentu, nggih, nganggep yen satriya niku klelar-kleler kalah, buta menangan,” kandha mangkono Piter karo mesam-mesem, tangane kukur-kukur sirah.

“Ora kleru, ning durung ngerti,” ngendikane Ki Parman ndunungake.

“Mula, Piter tak jak sowan Ki Parman supaya kowe sinau sing bener,” bapakne Piter ngendika banjur nyedhak lan ngelus-elus sirahe Piter.

Ki Parman banjur nyekel wayang nuduhake sabet wayang. Sabet kuwi obahe wayang, sing diobahake dening dhalang. Obahing wayang miturut watak, laku, lan budi pakartine siji-sijine wayang. Piter njinggleng anggone nggatekake tuladha sabet wayang saka Ki Parman. Ora krasa tangane Piter melu obah nirokake obahe astane Ki Parman.

“Wah ..., berarti saya keliru, ya, menganggap kesatria itu lemah, sedangkan raksasa selalu menang,” kata Piter sambil senyam-senyum, tangannya menggaruk-kepala.

“Tidak keliru, tapi belum tahu,” kata Ki Parman.

“Makanya, Piter ayah ajak ke tempat Ki Parman agar kamu belajar yang benar,” kata ayah Piter, lalu mendekat dan mengelus-elus kepala Piter.

Ki Parman kemudian memegang wayang dan memperlihatkan *sabet* wayang. *Sabet* itu gerak wayang, yang digerakkan oleh dalang. Gerak wayang menurut watak, laku, dan budi pekerti masing-masing wayang. Piter tertegun saat memperhatikan *sabet* wayang yang dicontohkan Ki Parman. Tidak terasa tangan Piter bergerak menirukan gerak tangan Ki Parman.

“Jajal saiki Piter nyekel wayang!” ngendikane Ki Parman.

Piter nampani wayang sing diulungake dening Ki Parman. Dheweke banjur mraktekake sabet sing diajarake Ki Parman. Sanadyan durung apik padha karo Ki Parman, Piter sithik-sithik bisa sabet.

“Ajar dhalang kuwi rasah wedi-wedi, sing manteb!” ngendikane Ki Parman menehi semangat.

Bapake Piter nggatekake Piter wiwit mangkat nganti tekan daleme Ki Parman. Piter katon bungah lan duwe greged kanggo sinau wayang. Yen lumrahe dhalang kuwi turun-temurun saka simbah-simbahe. Nanging, Piter ora ana keturunan dhalang saka bapak lan ibune. Bener ngendikane Ki Parman yen dhalang kuwi ora mesthi keturunan dhalang.

“Coba sekarang Piter pegang wayang ini!” kata Ki Parman.

Piter menerima wayang yang diberikan oleh Ki Parman. Dia kemudian mempraktikan *sabet* yang diajarkan Ki Parman. Meskipun belum bagus seperti Ki Parman, Piter sedikit-sedikit bisa melakukan sabet.

“Belajar mendalang tidak usah takut-takut, harus percaya diri!” kata Ki Parman memberi semangat.

Ayah Piter memperhatikan Piter mulai dari berangkat sampai di rumah Ki Parman. Piter terlihat gembira dan mempunyai semangat untuk belajar wayang. Biasanya dalang itu turun-temurun dari kakek-neneknya. Namun, Piter tidak memiliki keturunan dalang dari bapak dan ibunya. Kata Ki Parman, seorang dalang tidak harus selalu berasal dari keturunan dalang.



Ki Parman sejatine ora duwe trah utawa keturunan dhalang saka simbah-simbahe. Piyambake bisa dadi galang amarga seneng lan gelem sinau. Saiki Ki Parman malah dadi dhalang kondhang nganti tekan mancanegara. Kuncine tumemen lan sregep anggone sinau pedhalangan wiwit cilik. Ana unen-unen *Sapa tekun bakale tekan.*

Saliyane bakat, kabisan kuwi bisa diudi kanthi niat lan tekad gelem sinau. Arepa duwe bakat, nanging yen ora gelem sinau lan ngasah mung muspra. Eman yen ngerti bakate nanging ora diterusake. Kari mantebake ati supaya ora owah kecelu marang liyane sing durung cetha.

Jaman cilike biyen Ki Parman uga kaya Piter, dolanan wayang-wayangan nganggo gegodhongan. Yen ana kerdhus sing ora kanggo

Demikian pula halnya dengan Ki Parman, ia tidak memiliki trah atau keturunan dalang dari kakek-neneknya. Ki Parman bisa menjadi dalang karena senang dan mau belajar. Sekarang Ki Parman justru menjadi dalang kondang hingga ke mancanegara. Kuncinya adalah bersungguh-sungguh dan rajin belajar pedalangan sejak ia kecil. Ada pepatah Jawa *Sapa tekun bakale tekan ‘Siapa rajin akan sampai ke tujuan’.*

Selain bakat, kepandaian bisa digali dengan niat dan tekad mau belajar. Meskipun mempunyai bakat kalau tidak mau belajar akan sia-sia. Disayangkan kalau sudah tahu bakatnya tetapi tidak mau memperdalam ilmunya. Sebenarnya tinggal memantapkan hati agar tidak berubah dan tergiur pada pilihan lain yang belum jelas.

banjur reka-reka digawe wayang. Kelire nganggo jarike simboke dipenthang ana ing gedhek. Gamelane mung nganggo swara tutuk. Bisa tuku wayang sawise payu anggone ndhalang, nyicil tuku mbaka siji.

Saiki Ki Parman bisa duwe wayang rong kothak. Sing sakothak piranti kanggo gladhi lan sing sakothak sijine piranti kanggo ndhalang. Wayange sing kanggo gladhen Ki Parman uga kanggo ajar bocah saben Minggu. Ki Parman uga gawe wayang gedhe sing piranti kanggo gladi saka karton. Supaya bocah-bocah nalika nganggo wayang buta ora kabotan.

Masa kecil Ki Parmna dulu juga seperti Piter, bermain wayang-wayangan menggunakan dedaunan. Jika ada kardus yang tidak terpakai kemudian dibuat wayang. Kelirnya menggunakan kain jarik ibunya yang dibentankang di dinding bambu. Gamelannya hanya menggunakan suara mulut. Ki Parman bisa membeli wayang setelah laku menjadi dalang, menyicil membeli satu per satu.

Sekarang Ki Parman memiliki wayang dua kotak. Yang satu kotak sebagai sarana untuk berlatih dan kotak satunya lagi dipergunakan untuk pentas. Wayang yang digunakan untuk berlatih Ki Parman juga digunakan untuk belajar anak-anak pada setiap Minggu. Ki Parman juga membuat wayang besar dari karton agar anak-anak tidak merasa berat saat belajar memainkan wayang.

Piter seneng banget diajari sabet dening Ki Parman. Piter dadi ngerti carane nyekel wayang sing bener. Dheweke uga bisa mbedakake obahe wayang siji lan sijine miturut watake. Saliyane iku, Piter uga dadi ngerti bedane satriya lan buta, sabet wayang alus lan agal. Uga bedane sabet wayang manungsa lan kewan.

Ki Parman ngandharake manawa dhalang kuwi kabeh awake nyambut gawe. Tangan kanggo nyekel lan ngobahake wayang uga nyekel cempala sarana dhodhok kothak. Sikil kanggo njapit lan njejakake cempala ing keprak. Tutuk kanggo wicara, nembang lan suluk. Kuping kanggongrungokake larasan gamelan lan pathet.

Dene mripat kanggo ndeleng wayang sing dicekel wis bener apa durung. Mula dhalang kudu bisa njaga

Piter senang sekali diajari *sabet* oleh Ki Parman. Ia menjadi tahu cara memegang wayang yang benar. Ia juga bisa membedakan gerak wayang satu per satu sesuai perwatakannya. Selain itu, ia juga bisa membedakan antara kesatria dan raksasa, gerak wayang halus dan kasar. Ia juga dapat membedakan gerak wayang manusia dengan hewan.

Ki Parman menerangkan bahwa dalang itu seluruh tubuhnya bekerja. Tangan digunakan untuk memegang dan menggerakkan wayang, serta untuk memegang cempala (sarana pemukul kotak). Kaki digunakan untuk menjepit dan menjakkan cempala di *keprak*. Mulut untuk berbicara, nembang, dan suluk. Telinga untuk mendengarkan laras gamelan dan *pathet*.

kesarasane awak.
Kabeh mau mbutuhake
pangolahing nalar lan
rasa. Dilarasake supaya
pagelaran wayang endah
didelok.

Piter nggatekake kawruh
sing dingendikake
Ki Parman. Apa sing
dingendikake Ki Parman
kirane penting dicathet
dening Piter. Bapakne
Piter rumangsa mongkog
weruh anake lanang
taberi anggone sinau.
Gumune bapake Piter,
anake gathekan lan
gampang nangkep kabeh
sing diajarke.

Mata untuk melihat
wayang yang dipegang,
apakah sudah benar
atau belum. Oleh karena
itu, dalang harus bisa
menjaga kesehatan tubuh.
Semua itu membutuhkan
kecerdasan berpikir
dan kepekaan rasa.
Keselarasan sangat
penting agar pertunjukan
wayang indah ditonton.

Piter memperhatikan
semua yang diajarkan
Ki Parman. Apa yang
diajarkan Ki Parman
sekiranya penting dicatat
oleh Piter. Ayah Piter
merasa bangga melihat
anak laki-lakinya itu tekun
belajar. Ia juga kagum,
anaknya cerdas dan
mudah mengerti semua
yang diajarkan oleh Ki
Parman.



“Ana sing arep ditakoke?” pitakone Ki Parman marang Piter.

Ditakoni mangkono, Piter banjur milang-miling namatake wayang sing ana. Weruh wayang ditancepake jejer-jejer ing sandhing kelir piranti kanggo gladhen, Piter nyedhak.

“Niki wayange kok dijejer-jejer?” pitakone Piter.

“Wayang ditancepake jejer-jejer sandhing kelir kuwi jenenge simpingan,” wangsulane Ki Parman.

Ki Parman nerangake manawa simpingan kuwi nggamarake ala lan becike lelakone manungsa. Simpingan tengen kelir nggamarake laku kang becik. Simpingan kiwa kelir nggamarake laku kang ala. Mulane sing pinggir tengen dhewe rupane putih, sing kiwa rupane ireng.

“Kok, wujude buta?” Piter takon maneh.

“Ada yang mau ditanyakan?” tanya Ki Parman kepada Piter.

Mendapat pertanyaan seperti itu, Piter kemudian melihat sekelilingnya dan memperhatikan wayang yang ada. Melihat wayang yang ditancapkan berjajar didekat kelir tempat berlatih, Piter mendekat.

“Ini wayangnya, kok, ditata berjajar?” tanya Piter.

“Wayang yang ditancapkan berjajar di samping kelir itu namanya *simpingan*,” jawab Ki Parman.

Ki Parman menerangkan bahwa *simpingan* itu menggambarkan perilaku baik dan buruk manusia. *Simpingan* yang berada di kanan kelir menggambarkan perilaku yang baik. *Simpingan* yang berada di kiri kelir menggambarkan perilaku buruk. Oleh karena itu, di sisi ujung paling kanan warnanya putih, yang kiri warnanya hitam.

“Kok, wujudnya raksasa?” Piter bertanya lagi.

“Kuwi gambaran utawa wewujudane amarah lan alumah manungsa,” ngendikane Ki Parman.

Ki Parman paring katrangan manawa kabeh manungsa nduwensi amarah lan aluamah. Gedhe cilike amarah lan aluamahe gumantung pribadine dhewe-dhewe. Amarah kuwi greged, dene aluamah kuwi kepenginane manungsa.

Wong apik greged lan nepsune tumuju marang kabecikan. Upamane, greged lan kepinginan sinau, ngrampungake gaweyan, lan sakpiturute. Beda yen wong ala, greged lan kepinginane nyalahi kancane, mbully, lan sakpiturute. Mula ana tetembungan wong apik kuwi greged lan kepinginane bisa nggulung jagad. Wong apik nggunakake ngelmu, nalar, lan rasa batin atine sing resik.

“Itu gambaran atau perwujudan amarah dan *aluamah* (nafsu) manusia,” jawab Ki Parman.

Ki Parman memberi penjelasan bahwa semua manusia mempunyai amarah dan *aluamah*. Besar kecilnya amarah dan *aluamah* bergantung pada pribadi masing-masing. Amarah adalah semangat, sedangkan *aluamah* adalah keinginan manusia.

Orang baik semangat dan keinginannya tertuju pada kebaikan. Misalnya, semangat dan keinginan untuk belajar dan semangat untuk menyelesikan pekerjaan. Berbeda dengan orang jahat, semangat dan keinginannya adalah mengganggu teman. Oleh karena itu, ada istilah Orang baik itu semangat dan nafsunya bisa menggulung dunia. Orang baik menggunakan ilmu, pikiran, dan perasaan batin yang bersih.

“Padha-padha wujude buta jebul beda maknane, nggih,” Piter manthuk-manthuk.

“Ya, ngono kuwi, wayang kuwi nek dionceki isine akeh banget maknane,” ngendikane Ki Parman.

Kelir lan simpungan wayang sejatine gambarane jagad. Jagad kang gumelar, uga jagad sing ana ing batin lan nalare manungsa. Manungsa mung kaya wayang sing manut dhalange, ya, Gusti Kang Akarya Jagad.

Arep dadi bocah pinter apa bocah bodho? Nek pengin pinter, ya, sinau, nek pengin bodho, ya, rasah sinau. Nanging, bocah bodho kuwi akeh tunane. Kancane sing pinter ngerti lan bisa apa-apa. Dene bocah bodho ora ngerti lan ora bisa apa-apa.

“Sama-sama berwujud raksasa ternyata berbeda pemaknaannya, ya,” kata Piter sambal mengangguk-angguk.

“Ya, begitulah, wayang jika dikupas isinya banyak sekali maknanya,” kata Ki Parman.

Kelir dan simpungan wayang sebenarnya menggambarkan dunia. Dunia yang terhampar, juga dunia yang ada dalam batin dan pikiran manusia. Manusia ibarat wayang yang taat pada dalangnya, yaitu Tuhan Yang Menguasai Semesta.

Ingin menjadi anak pintar atau menjadi anak bodoh? Jika ingin pintar rajinlah belajar, jika ingin bodoh tidak usah belajar. Menjadi anak bodoh banyak ruginya. Anak pintar akan tahu dan bisa melakukan banyak hal. Sebaliknya, anak bodoh tidak tahu dan tidak bisa melakukan apa-apa.

Mulane bocah sekolah sing sregep sinau, sinau lan sinau supaya dadi pinter. Ana ing sekolah nggatekake wulangan sekolah. Ana ing omah bekti marang wong tuwa. Ditambah nurut wulangane guru ngaji, lan sakpiturute.

Ing besuke yen wis gedhe bisa dadi wong sing mandhiri ora manja. Ora gumantung marang wong liya. Kanggo nambahi katrampilan bisa sinau ana ing sanggar utawa papan pasinaon liyane. Kesenengan utawa hobi katambah ngudi katrampilan kuwi besuke bisa dadi dalan rejekine.

Oleh karena itu, anak sekolah harus rajin belajar, belajar, dan belajar supaya menjadi anak pintar. Di sekolah mengikuti pelajaran sekolah. Di rumah berbakti kepada orang tua. Ditambah mengikuti ajaran guru ngaji, dan yang lainnya.

Kelak jika sudah besar bisa menjadi orang yang mandiri, tidak bergantung kepada orang lain. Untuk menambah keterampilan bisa belajar di sanggar atau tempat belajar yang lain. Kesenangan atau hobi digeluti dengan sungguh-sungguh, di kemudian hari bisa menjadi jalan rejeki.

“Wayang niki bentuke,
kok, lucu, nggih?”
pitakone Piter karo nyekel
wayang Bagong.

Wayang sing lucu kuwi
ana papat, wujude beda
karo wayang liyane.

“Kuwi Bagong, sing lemu
sijine Semar, sing dhuwur
Petruk, sing cilik Gareng,”
pangandikane Ki Parman.

Wayang papat kuwi
sinebut Panakawan, sing
kaprahe wong nyebut
Punakawan.

“Pas kula ndelok wayang
nika jan lucu tenan,”
kandhane Piter karo
ngguyu.

Ki Parman ngendikake
Panakawan kuwi dumadi
saka rong tembung. *Pana*
sing tegese ‘ngerti’ lan
kawan sing tegese ‘kanca’.
Panakawan mengku karep
kanca sing ngerti lan
bisa mangerten. Lucu,
dadi kanca kuwi sabisa-
bisa gawe seneng, aja
nganti nyusahahake kanca
liyane. Mula kekancan
kuwi sing apik, rasah

“Wayang ini bentuknya
lucu, ya?” ujar Piter sambil
memegang wayang Bagong.
Wayang yang lucu itu ada
empat, bentuknya berbeda
dengan wayang yang lain.

“Itu Bagong, yang gemuk
satunya Semar, yang tinggi
Petruk, dan yang kecil
Gareng,” pangandikane Ki
Parman. Keempat wayang
itu disebut “Panakawan”,
dan orang lebih umum
menyebut “Punakawan”.

“Sewaktu saya menonton
wayang-wayang itu,
sungguh lucu sekali,” kata
Piter sambil tertawa.

Ki Parman menjelaskan
bahwa istilah Panakawan
berasal dari dua kata.
Pana yang artinya ‘tahu’
dan *kawan* yang artinya
‘teman’. Panakawan
mempunyai arti ‘teman
yang tahu dan bisa
mengerti’. Lucu, artinya
menjadi teman yang
menyenangkan, jangan
sampai menyusahkan
teman yang lain. Oleh
karena itu, bertemanlah

mbedakake sugih miskin,
kabeh disrawungi.

Digambarake Panakawan
anggone metu nalika
ana lindu gedhe, gunung
njeblug, gludhug
sesamberan. Ing wektu
geger anane bencana alam,
nanging Panakawan isih
bisa gegojegan, jejogedan
lan tetembangan. Iki
gambarane wong sing
bisa ngadhepi lan nampa
kanthi weninge ati lan iklas.
Ngrampungi perkara kanthi
nalar wening, ora grusa
grusu. Sanadyan pinter,
nanging ora ngatonake,
nganggo cara sing prasaja
utawa cara bodhon.

Panakawan kuwi mujudake
pamomonge para satriya
supaya ora tumindak
grusa-grusu, ora umuk
bandha lan kapinteran.
Bisa nggunakake nalar
sing wening, tetep eling,
lan waspada. Ora lali
manembah, pasrah marang
Gusti Kang Maha Kuwasa.

dengan baik, jangan
membeda-bedakan antara
kaya dan miskin, dan
perluas pergaulan.

Panakawan digambarkan
muncul pada saat ada
gempa, gunung meletus,
atau petir menyambar-
nyambar. Di saat geger
karena adanya bencana
alam, Panakawan masih
bisa bercanda, berjoget,
dan bernyanyi. Ini
mnggambarkan orang
yang bisa menyikapi
dan menerima keadaan
dengan ikhlas. Selain
itu, juga menyelesaikan
permasalahan dengan
pikiran jernih, tidak
ceroboh, dan tidak sompong

Panakawan merupakan
penasihat para kesatria
supaya tidak bertindak
ceroboh! Supaya tidak
menyombongkan kekayaan
dan kepandaiannya! Supaya
dapat menggunakan pikiran
jernih, selalu ingat, dan
waspada! Supaya tidak lupa
beribadah, dan berserah
diri kepada Tuhan Yang
Maha Kuasa!



“Panakawan niku malah langkung sae tinimbang satriya, nggih?” pitakone Piter.

Ki Parman karo bapakne Piter mung ngguyu krungu pitakone Piter. Ki Parman nerangake manawa dadi satriya kuwi kudu gelem diemong dening Panakawan. Sapa, ta, sejatine Panakawan kuwi? Ora liya, ya, awake dhewe, sing bisa njaga tumindak marang kabecikan.

“Cukup semene dhisik, diterusake sesuk meneh,” pangandikane Ki Parman.

Sejatine Piter durung gelem leren anggone sinau, isih akeh sing kepengin dimangerten. Ki Parman ngendika supaya Piter saben Minggu esuk gelem mangkat latihan. Kancane akeh, ora mung sinau wayang, nanging uga sinau nabuh gamelan.

Panakawan itu malah lebih baik daripada kesatria, ya?” tanya Piter.

Ki Parman dan ayah Piter hanya tersenyum mendengar pertanyaan Piter. Ki Parman menjelaskan kalau menjadi kesatria itu harus mau didampingi oleh Panakawan. Siapa sebenarnya Panakawan itu? Tidak lain adalah dirinya sendiri, yang bisa menjaga diri untuk bertindak dalam kebaikan.

“Cukup sekian dulu, ya, latihannya diteruskan lagi minggu depan,” kata Ki Parman.

Sebenarnya Piter belum mau berhenti belajar. Masih banyak yang ingin dia ketahui. Ki Parman menyarankan agar setiap Minggu pagi Piter mau datang untuk belajar. Temannya banyak, tidak hanya belajar mendalang, tetapi juga belajar menabuh gamelan.

“Sesuk maneh, saiki wis sore diterusake sesuk Minggu maneh,” bapake Piter ngerih-rih.

“Ning tenan, lo, suk Minggu mrene maneh,” wangsulane Piter katon njegadul.

“Wis, leren dhisik, iki wedange diombe, karo iki ana jajanan dimaem dhisik!”

Ki Parman, Piter, lan bapakne Piter ngombe lan maem pacitan sing cumawis.

Sauntara anggone ngombe lan macit, bapakne Piter nyuwun pamit marang Ki Parman. Piter diboncengake motor, pangangene mbayangake Minggu candhake sinau bareng kanca akeh. Mesthi bae kahanane sangsaya nyenengake.

“Sekarang sudah sore, Minggu depan kita ke sini lagi,” ayah Piter membujuk.

“Tapi benar, ya...., besok Minggu kita ke sini lagi,” jawab Piter terlihat cemberut.

“Sekarang istirahat dulu, ini sudah ada wedang dan jajanan, ayo diminum dan dimakan !” kata Ki Parman.

Ki Parman, ayah Piter, dan Piter kemudian minum dan makan jajanan yang dihidangkan.

Tidak berselang lama, Piter dan ayahnya berpamitan kepada Ki Parman. Piter membonceng motor ayahnya. Di benaknya sudah terbayang, Minggu depan belajar mendalang bersama banyak teman. Tentu suasana akan bertambah menyenangkan.

Biodata

Penulis dan Penerjemah

Dwi Winarno lahir di Kulon Progo pada 6 Desember 1977. Ia saat ini tinggal di Dhisil RT 26 RW 13, Salamrejo, Sentolo, Kulon Progo, Daerah Istimewa Yogyakarta. Di sela kesibukan sebagai seorang buruh, ia aktif menulis. Berikut adalah beberapa karyanya.

- Cerita Anak berjudul BELANG MBALES KABECIKAN, juara VII pada Sayembara Cernak Balai Bahasa Yogyakarta 2022.
- Novel Basa Jawa berjudul WIYATA, masuk nominasi 15 besar pada sayembara novel bahasa Jawa Dinas Kebudayaan D.I.Y. 2020.
- Geguritan, masuk dalam buku antologi geguritan WELING SINANGKLING Dinas Kebudayaan D.I.Y. 2018.
- Crita Cekak berjudul PAMIT dimuat di majalah basa Jawa Pagagan nomer 98 Balai Bahasa Yogyakarta 2021.
- Cerita Cekak berjudul OBAH OWAHE KAHANAN masuk dalam buku antologi crikak Sanja Wewira Dinas Kebudayaan D.I.Y. 2019.

Illustrator

Septama, ilustrator kelahiran Yogyakarta ini suka menggambar sejak SD, lalu belajar menggambar dan desain di jenjang D2 Desain Komunikasi Visual di PPKP UNY. Pernah bekerja di penerbit buku PT. Intan Pariwara dan PT CAP. Ilustrator yang memiliki nama alias Sibhe ini, sekarang bekerja di Penerbit Buku Forum Edukasi. Illustrator juga aktif di media sosial Instagram @bherocknrollan dan Tik-tok @kakcoratcoret.

Penyunting

Tarti Khusnul Khotimah, lahir dan tinggal di Sleman, DIY. Sejak tahun 2005 hingga sekarang bekerja di Balai Bahasa Provinsi DIY. Kompetensi dasar bidang kebahasaan dan kesastraan ditempa di Fakultas Ilmu Budaya, UGM (S-1) dan Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, UNY (S-2). Aktivitas yang dikerjakannya, antara lain, menyuluhan dan menyunting esai, artikel, dan cerpen. Beberapa karya cerita anak terpublikasi di media massa. Korespondensi dapat dilakukan melalui posel tarti.khusnul.k@gmail.com.



MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Piter ialah anak SD yang mencintai seni budaya wayang. Piter sering bermain wayang menggunakan dedaunan bersama teman-temannya. Suatu hari, Piter diajak Teguh untuk melihat dan membuat wayang. Piter terkesan dan kagum melihat gambaran wayang milik Teguh. Kemudian Piter dan Teguh membuat wayang dari gambarannya Teguh. Bagaimana kelanjutan cerita pembuatan wayang Piter bersama dengan Teguh? Yuk, simak kelanjutan dan keseruan cerita dalam kisah “Panakawan”.



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

ISBN 978-623-112-431-9 (PDF)

